

# Sit Entènèt Itil

## Enfòmasyon sou Avantaj Èd Piblik

Si ou gen kesyon sou avantaj Pwogram pou Moun ki Gen Bezwen Medikal oswa sou lòt avantaj Èd Piblik, si ou vle wè yon lis sant sèvis nou yo, nimewo faks yo oswa pou aplike pou avantaj yo, ale sou sitwèb nou:

[www.MyFLFamilies.com](http://www.MyFLFamilies.com)

Pwoteksyon Medikal pou Timoun ki poko gen laj 19 ane:

[www.Floridakidcare.org](http://www.Floridakidcare.org)

OU

[www.healthykids.org](http://www.healthykids.org)

Sitwèb ki anba la yo bay enfòmasyon sou anpil kalite pwogram pou jwenn preskripsyon gratis oswa pou pri ki ba pou sèten medikaman:

[www.benefitscheckup.org](http://www.benefitscheckup.org)

[www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)

[www.pparx.org](http://www.pparx.org)

[www.needymeds.com](http://www.needymeds.com)

[www.rxassist.org](http://www.rxassist.org)

[www.aarp.org/fl](http://www.aarp.org/fl)

[www.togetherrxaccess.com](http://www.togetherrxaccess.com)

[www.nacds.org](http://www.nacds.org)

Ou ka kontakte Liy Enfòmasyon Granmoun Aje yo nan nimewo (800) 963-5337.



Avril 2024

# Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

## Pwogram Medically Needy



Yon Eksplikasyon pou  
“Kotizasyon nan Frè  
pou Peye”



### Kisa Pwogram Medically Needy?

Depatman Timoun ak Fanmi [Department of Children and Families (DCF)] detèmine si moun kalifye pou Pwogram Medically Needy. Sa ka gen pou wè tou ak pwogram "Share of Cost" (Kotizasyon nan Frè pou Peye). Pwogram Medically Needy ede moun ki ta kalifye pou Medicaid, sof si yo gen revni ki twò wo.

### Kisa "Kotizasyon nan frè pou peye" ye?

Moun ki antre nan Pwogram Medically Needy ka gen yon mwa "kotizasyon nan frè pou peye", ki sanble avèk franchiz asirans. Yo detèmine kotizasyon nan frè pou peye selon kantite moun ki nan kay la ak revni pa mwa anvan dediksyon. Lè gen chanjman nan kantite moun ki nan kay la ak nan revni an, kantite lajan pou kotizasyon pou peye nan frè a ka chanje.

### Kijan kotizasyon nan frè pou peye fonksyone?

Soumèt nenpòt depans medikal akseptab ou dwe oswa peye ba DCF pou yo detèmine si ou peye kotizasyon nan frè yo. Depi depans medikal akseptab yo egal a kotizasyon nan frè pou peye, moun nan kalifye pou Medicaid pou rès mwa a.

**Egzanp #s1:** Kotizasyon ou nan frè pou peye yo se \$800 dola. Ou ale lopital nan dat 10 me epi ou voye bòdwo ban nou pou \$1000 dola. Ou peye kotizasyon ou nan frè yo. Si pwofesyonèl swen sante a aksepte Medicaid, n ap peye bòdwo a epi w ap kalifye pou Medicaid jouk nan fen mwa me.

**Egzanp #2:** Kotizasyon ou pou peye nan frè yo se \$800 dola. Ou ale lopital nan dat 10 me epi ou resevwa yon bòdwo \$750 dola. Nan dat 12 me, ou ale nan klinik doktè epi ou resevwa yon bòdwo \$150 dola. Ou voye toulède bòdwo yo ban nou. Ou peye kotizasyon ou nan frè yo nan dat 12 me paske total de (2) depans medikal yo te pi plis pase kantite lajan kotizasyon ou nan frè yo. Si pwofesyonèl swen sante a aksepte Medicaid, n ap peye bòdwo 12 me a epi w ap kalifye pou Medicaid jouk nan fen mwa me. (Sa yo se egzanp sèlman.)

### Men kèk egzanp depans medikal ki kapab itilize pou satisfè "kotizasyon nan frè pou peye yo"

- Bòdwo medikal ki pa peye ou dwe yo epi ki pa t itilize pou satisfè kotizasyon ou nan frè pou peye yo anvan.
- Bòdwo medikal moun nan te peye nan 3 dènye mwa yo.
- Prim asirans sante.
- Bòdwo medikal asirans sante ou oswa nenpòt lòt kote p ap peye pou ou.
- Kopeman pou bòdwo medikal yo.
- Sèvis medikal yon doktè preskri.
- Sèvis transpò nan anbilans, nan otobis, nan taksi pou jwenn swen medikal.

### Men kèk egzanp depans medikal ki pa kapab itilize pou satisfè "kotizasyon nan frè pou peye yo"

- Prim pou kontra asirans ki peye lajan apa pou lè ou entènè nan lopital
- Materyèl medikal san preskripsyon, tankou pansman, medikaman pou rim, elatriye.

### Ki depans medikal ki kapab itilize pou satisfè "kotizasyon nan frè pou peye yo"?

Depans medikal akseptab ki kapab itilize pou satisfè kotizasyon nan frè pou peye pou nenpòt moun nan kay la ki gen revni ak bezwen nou konsidere pou detèmine si li kalifye pou Medicaid, menmsi moun sa a pa kalifye pou Medicaid.

### Plis enfòmasyon sou pwogram "kotizasyon nan frè pou peye"

Ale sou sitwèb [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) pou jwenn lòt enfòmasyon sou Pwogram Medically Needy, pou aplike pou avantaj yo, oswa pou jwenn yon lis sant sèvis DCF ak nimewo faks yo.

### Fason pou soumèt prèv depans medikal yo?

Ou kapab soumèt prèv depans medikal atravè pòtal myaccess la ([MyACCESS.myflfamilies.com](http://MyACCESS.myflfamilies.com)), yo nan faks, pa lapòs, oswa fas-a-fas. Sonje pou mete non ou ak nimewo dosye ou sou depans medikal yo.

Men kèk egzanp prèv depans medikal:

- Bòdwo medikal yon moun te resevwa.
- Resi pou bòdwo medikal.
- Chèk anile pou bòdwo medikal ou peye.

Ale sou sitwèb <https://www.myflfamilies.com/services/public-assistance/additional-resources-and-services/FRC> pou jwenn yon lis adrès sant sèvis ak nimewo faks yo.

### Ki sèvis Medicaid garanti?

Ale sou sitwèb [www.ahca.myflorida.com/medicaid/flmedicaid.shtml](http://www.ahca.myflorida.com/medicaid/flmedicaid.shtml) pou jwenn lòt enfòmasyon sou sèvis Medicaid garanti yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou founisè sèvis Medicaid ale sou sitwèb [www.mymedicaid-florida.com](http://www.mymedicaid-florida.com)

### Enfòmasyon enpòtan

Kèk pwofesyonèl medikal pa aksepte Medicaid oswa Medically Needy. Sonje pou fè pwofesyonèl medikal ou konnen ou nan Pwogram Medically Needy anvan ou pran yon randevou.

